

Santiman



Lakou Kajou

Lakou Kajou
Pou timoun ka aprann
ak kè kontan
lakoukajou.ht

Konsiy pou anseyan



Entwodiksyon :

Entwodiksyon: Santiman se yon ti liv ki pou ede timoun aprann pale sou jan yo santi yo. Li ede timoun yo idantifye ki sa ki ka fè yo santi yo yon jan selon sa k ap pase. Chak evènman ki pase ka pote yon lòt santiman pou timoun yo. Souvan se nan figi yon moun ou ka gade pou w gen yo lide sou sa li santi. Men gen lòt fwa, lòt pati nan kò nou konn gen manifestasyon santiman, tankou kè ki bat vit, vant ki bouyi, men ki bat bravo.



Vokabilè :

Pale ak timoun you sou sans mo sa yo :
Santiman, fyè, rekonesan, kontan, pè, poze, enkyete, soulaje, gaye, wont, move, fache, tris, renmen, chagren.



Li pou Timoun yo :

- 1) Montre timoun yo **kouvèti liv la**. Mande yo sou ki sa yo kwè liv la pale.
- 2) Anvan ou li chak paj, **montre** timoun yo imaj yo. Li fraz yo. Montre yo imaj la ankò lè ou fin li fraz yo.
- 3) Pale sou ki jan atis la montre je ak bouch Jòj pou ilistre santiman li.




Konvèsasyon :

- Ki sa ki konn fè kè nou kontan ?
- Ki sa nou konn fè lè kè nou kontan ?
- Ki sa ki konn fè nou tris ? Ki sa nou konn fè lè nou tris ?



Aktivite :

- 1) Fè yon desen ki montre yon santiman nou konn genyen, ak nan ki moman nou konn gen santiman sa a.
- 2) Montre timoun yo chante Lakou Kajou sou santiman an.



Santiman !
Nou tout gen sa. Yo pa ni bon ni move.
Chak jou m gen divès santiman !



Lekòl ouvè.

M gade bèl inifòm mwen a nan miwa a.

Mwen ri. M santi m fyè !



M di fanmi m mèsì anvan m ale.
M kontan paske yo voye m lekòl anfòm.
M anbrase yo. M santi m rekonesan.



M mache pou m al lekòl.
M wè anpil timoun.
Men sitou, m wè pi bon zanmi m.
Nou ponpe. M santi lajwa anvayi kè m.



M rive devan baryè lekòl la.
M pa ko konn nouvo pwofesè m nan.
Vant mwen ap bouyi.
M santi m yon ti jan pè.



Pwofesè a byen resevwa m.
Klas la kanpe pou chante ansanm.
M respire byen fon.
Chante a fè m santi m poze.



N ap rakonte sa nou te fè pandan vakans la.
Pwofesè a rele nou chak moun pou pale.
M pa konn sa pou m di. M santi kò m rèd.
M santi m enkyete !



M di m te gade foutbòl, epi m te jwe foutbòl.
M souri ak zanmi ki te jwe avè m yo.
Apre, m santi m soulaje !



Lekòl lage. Lè m soti deyò a, m wè anpil
machin ak moto.

M bezwen travèse lari a. M ap tranble.

M santi m pè epi m gaye !



Pandan m ap eseye travèse, yon chofè
joure m. M anvi di l yon bagay.
Gòj mwen sere.
M santi m wont, epi m move.



Lè m rive lakay m ap kriye.
Grann vle konnen sa k pase.
Li kenbe men m. Men m ap tranble.
M santi mwen twouble.



Grann siye je m.
M chita kote li. M respire.
M santi li renmen m, epi m renmen li.



Santiman, nou tout gen sa.

Yo pa ni bon ni move.

Chak jou m gen anpil santiman !

Jodi a m te santi m fyè, rekonesan, kontan,
pè, poze, enkyete, soulaje, gaye, wont, move,
epi m santi gen moun ki renmen m.

Anseyan yo, gade!

Nou ka enprime yon vèsyon nwa e blan liv sa a pou timoun yo. Men ki jan pou nou fè sa:


Enpresyon



1. Telechaje PDF la ki sou sit nou an: www.lakoukajou.ht
2. Enprime PDF la sou 2 bò yon paj papye 8.5 X 11 (dimansyon lèt)
 - a. *Asire ou enprimant la fè chwa enpresyon dezyèm paj la sou **bò kout** paj la. Sa trè enpòtan pou paj ti liv la ka soti ann òd.*
 - b. *Si papye ou la pa 8.5" X 11", chwazi "fit to page" pou enprimant lan, ki vle di ajiste pou papye a.*





Pliye epi dekoupe paj la



Pou fè liv la w ap bezwen pliye paj la epi dekoupe li.

1. Mete paj la an pozisyon pou bò kout yo an wo ak an ba, epi bò long yo sou kote dwat ak goch. An fas ou ou dwe ap gade paj 1, 2, 5, 6 ti liv la.
2. Pliye fèy la nan mitan sou longè li. Kounye a ou dwe ap gade kouvèti liv la an wo epi paj 7 an ba.
3. Pliye li an 2 ankò nan mitan demi fèy long nan.
4. Vire ti liv la pou w gade kouvèti ti liv la.
5. Dekoupe rebò anba yo pou ou ka vire paj yo.
6. Kounye a ou gen yon ti liv pou elèv ou yo.



Li epi kolorye



Timoun ou yo kapab li ti liv la epi kolorye desen yo. Ankouraje yo pou yo li ak fanmi yo lakay yo.

Santiman

NÒT POU ANSEYAN YO

Liv sa a fèt pou paran ak pwofesè ka li pou timoun yo. Ale sou sit wèb nou an LakouKajou.ht pou ou jwenn yon vèsyon pi kout pou timoun yo. Ou ka enprime pou yo ka li ak kolorye pou kont yo. Anseyan yo ap jwenn yon gid sou ki jan pou yo sèvi ak istwa Lakou Kajou yo nan klas yo sou sit wèb la.

Suiv Lakou Kajou pou timoun yo ka aprann ak kè kontan.

Blue Butterfly
Inspired by Kids. Everywhere
butterfly.org

Lakou Kajou
Pou timoun ka aprann ak kè kontan
lakoukajou.ht

© 2023 dwa d otè Third Sector New England (TSNE). Tout dwa rezève.
Pèmisyon pou sèvi ak travay sa a tonbe an ba règleman CC BY-NC-ND 4.0.
Pou wè kopi règleman an, ale gade sou lyen sa a :
<https://creativecommons.org/licenses/by-nc-nd/4.0/deed.fr>